

Sivivan Helene yo Elijib pou Rambousman Depans pou Estoraj ak Demenajman

Release Date: Dec 3, 2024

FEMA ka ede ak depans pou demenaje ak estoraj pou sivivan Kawolin di Nò yo ki elijib ki pa kapab rete lakay ou oswa k ap viv nan yon abri tanporè.

Asistans pou Demenajman ak Estoraj

Si w ap viv nan yon konte ki deklare yon katastwòf epi kay ou a pa an sekirite pou w viv ladan I akòz domaj tanpèt tropikal Helene, ou ka kalifye pou Asistans pou Demenaje ak Estoraj FEMA. Asistans sa a ka ede w demenaje epi estoke atik esansyèl pandan w ap repare kay ou, rete nan abri tanporè oswa pandan w ap tann pou w deplase nan yon lojman pèmanan. Pou kalifye pou èd sa a, ou dwe aplike ak FEMA epi ranpli kondisyon sa yo:

- Rezidans prensipal ou a pa kapab abite akòz katastwòf la.
- W ap deplase oswa estoke atik nan kay la pou anpeche plis domaj.
- Atik w ap deplase oswa estoke yo konsidere kòm esansyèl, tankou aparèy, mèb oswa rad.

Depans ki Elijib yo

FEMA pral konsidere sèlman depans pou demenaje ak depo ki pa kouvri totalman pa lòt sous tankou asirans, tankou:

- Demenaje komèsyal yo.
- Lwe yon kamyon k ap deplase.
- Gaz pou veyikil lokasyon an.
- Tep ak bwat.
- Frè pou inite depo.
- Taks sou lavant pou depans ki endike anwo a.

Rete an kontak avèk FEMA



FEMA

Page 1 of 2

Pwopriyetè kay ak lokatè yo ki te aplike pou asistans pou katastwòf kapab kenbe kontak ak FEMA nan plizyè fason:

- **Anliy** nan DisasterAssistance.gov (opsyon ki pi rapid).
- **Rele 800-621-FEMA (3362)** soti 7 a.m. rive 11 p.m. ET chak jou. Liy telefòn lan louvri chak jou epi èd disponib nan pifò lang. Si w itilize yon Sèvis Relè Videyo (VRS), telefòn ki gen tit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a.
- **Vizite nenpòt DRC.** Pou jwenn DRC ki pi pre w la vizite fema.gov/drc.



FEMA

Page 2 of 2